

# REZIME EGZEKITIF

Nan Diskou sou Eta Vil li a ki te fèt nan dat 13 fevriye 2018, Majistra Bill de Blasio te anonse entansyon li pou li nonmen yon Komisyon pou Revizyon Konstitisyon an. Komisyon an, ki gen 15 manm Majistra te nonmen, responsab pou evalye tout Konstitisyon Vil New York la pou idantifye kote ki kapab bezwen modifikasyon.

Pou garanti tout rezidan New York yo gen yon opòtinite pou patisipe nan pwosesis sa a, Komisyon an te fè, epi li pral kontinye fè, plizyè aktivite pou sansibilize piblik la ak pou ankouraje yo patisipe. Komisyon an te deja fè senk (5) odyans piblik kote Komisyon an te tandè dirèkteman sa rezidan New York yo te gen pou di sou fason pou modifiye ak amelyore Konstitisyon an. Piblik la reponn envitasyon Komisyon an pou bay temwayaj alekri kote yo bay kòmantè nan plizyè fason, tankou pa lapòs, pa imèl, atravè rezo sosyal yo, ak sou sit Komisyon an. Epiou Komisyon an te fè kat (4) Fowòm sou Pwoblèm kote li te tandè prezantasyon ekspè ak pwofesyonèl, epi li te fè plizyè aktivite kominote pou jwenn fidbak piblik la ak diferan vwa ak pèspektiv.

Grasa demach Komisyon an pou jwenn patisipasyon piblik la, nou te resevwa plizyè kòmantè ak pwopozisyon nan men manm piblik la, gwoup bon gouvènman, defansè, ekspè, pwofesyonèl, ofisyèl ki eli, ak ajans Minisipal. Manm pèsònèl la te pran egzaminen tout kòmantè Komisyon an te resevwa byen egzaminen epi yo te konsidere yo tout. Pifò nan kòmantè nou deja resevwa yo tonbe nan senk (5) domèn politik sa yo:

- Finansman Kanpay
- Eleksyon Minisipal nan Vil New York
- Angajman Sivik
- Komite Kominotè
- Pwosesis Dekoupaj Distri a

Rapò a dekri temwayaj piblik la nan chak nan senk (5) domèn politik sa yo, ansanm ak rezilta revizyon preliminè Manm Pèsònèl la ak analiz pwopozisyon ki enpòtan, tankou rekòmandasyon Manm Pèsònèl la pou pwochen etap Komisyon an. Lè nou konsantre travay Komisyon an nan fason sa a, objektif Rapò a se pou kreye ak enfòme plis dyalòg piblik, epi ede Komisyon an nan preparasyon kesyon bilten pou piblik la konsidere. Rekòmandasyon Manm Pèsònèl la nou prezante nan Rapò a preliminè epi yo pa gen entansyon pou limite konsiderasyon Komisyon an sou lòt domèn politik, kòmantè, oswa pwopozisyon, oswa limite travay Komisyon an nan okenn lòt fason.

Epiou Komisyon an te resevwa plizyè kòmantè ak pwopozisyon nan men ajans Minisipal yo. Rapò a fè yon rezime kèk nan pwopozisyon ajans yo epi li rekòmande pou Komisyon an kontinye etidye yo.

Pou fini, Komisyon an te resevwa kòmantè ak pwopozisyon ki te mande pou nou trete lòt sijè tankou sekirite piblik ak itilizasyon teren, epi Rapò a te abòde yo san li pa fè pwopozisyon espesifik pou mande Komisyon an konsidere yo toujou.

# REZIME EGZEKITIF, swit

## DOMÈN YO REKÒMANDE POU KONSANTRE SOU YO

### Finansman Kanpay

Komisyon an te resevwa anpil kòmantè konsènan sistèm finansman kanpay Vil la, ki enpoze limit sou kontribisyon ak lòt egzijans sou kandida pou Majistra, Defansè Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal, ak Konsèy Minisipal la. Epitou sistèm nan bay finansman piblik pou kandida yo ki patisipe ak pwòp volonte yo nan pwogram Vil la epi ki dakò ak lòt restriksyon ak obligasyon.

Pifò ekspè, defansè, ak manm piblik la te di sistèm finansman kanpay Vil New York la se yon bon modèl pou imite. Sepandan, moun ki te bay kòmantè yo te di pwoblèm koripsyon pèsistan an, ak kijan kontinye gen nouvo ka koripsyon k ap parèt la, epi yo te pwopoze plizyè fason yo ka bay sistèm finansman kanpay Vil la jarèt pou kwape koripsyon sa yo, ak pou anpeche yo parèt.

**Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an konsantre sou refòm nan sèten eleman fondamantal sistèm finansman kanpay la ki te gen anpil ekspè, ofisyèl eli, ak manm piblik la te fè anpil kòmantè sou yo: limit sou kontribisyon, fòm fon konplemantè piblik la, ak limit sou fon konplemantè yo. Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an mande plis fidbak nan men piblik la ak ekspè yo nan domèn sa yo epi vrèman konsidere devlope yon pwopozisyon pou diminye limit sou kontribisyon yo, bay finansman piblik jarèt, epi ogmante limit sou fon konplemantè.**

### Eleksyon Minisipal nan Vil New York

Manm piblik la, ekspè yo, ofisyèl eli yo, ak defansè yo te temwaye anpil, epi yo te soumèt anpil kòmantè alekri, sou fason pou amelyore administrasyon eleksyon yo nan Vil la. Enkyetid plis moun te pale sou yo pi souvan se te bezwen pou ogmante patisipasyon elektè yo.

Jeneralman pwopozisyon pou abòde patisipasyon elektè ki ba yo te tonbe nan twa (3) kategori. Premyèman, kèk moun te bay pwopozisyon pou modènize administrasyon eleksyon yo, tankou chanjman nan pwosesis anrejistremant elektè yo ak pwopozisyon pou adopte vòt bonè. Dezyèmman, kèk moun te mande pou ogmante aksè pou vote swa ak chanjman dirèk nan kondisyon pou elektè yo kalifye oswa nan efò pou retire baryè pratik yo mete sou imigran yo ak lòt popilasyon majinalize yo avèk plis èd pou elektè yo. Epi twazyèmman, pou abòde yon mank angajman kay elektè yo, anpil te fè pwopozisyon pou ankouraje rezidan New York ki kalifye yo pou vote, tankou adopte yon sistèm chwa vòt selon klasman pou kapte preferans elektè yo pi byen.

Malgre Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an mande plis kòmantè ak pwopozisyon nan chak nan kategori sa yo, n ap fè ou konnen aksyon nan domèn sa a mande pou konsidere plizyè faktè. Paske nou jwenn anpil nan detay sou fason eleksyon yo fèt nan Vil la nan lwa eta a tou, epi nan kèk ka, nan Konstitisyon Eta a, pou refòme administrasyon eleksyon minisipal yo sa te kapab deklannche yon sistèm doub pou eleksyon eta ak lokal, epi ogmante pwoblèm potansyèl operasyonèl ak jiridik.

# REZIME EGZEKITIF, swit

Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an konsantre sou refòm pwopoze ki:

- Abòde eleman nan sistèm eleksyon an ki pou Vil la menm, tankou posiblite pou itilize chwa vòt selon klasman nan eleksyon primè lokal yo, epi sitou, nan eleksyon primè pou pozisyon nan tout vil la; epi
- Reponn bezwen rezidan New York yo te idantifye, ranfòse ak elaji sèvis èd ak lang.

**An menm tan, Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an mande plis opinyon sou kesyon si lòt metòd pou ogmante patisipasyon elektè yo ta pi byen reyalize nan nivo eta a, tan pou se nan pwosesis revizyon Konstitisyon Vil la. Pou plis adrese pousantaj patisipasyon ki ba yo, Manm Pèsonèl la rekòmande tou pou Komisyon an konsidere refòm ki ankouraje angajman sivik, jan yo diskite nan pwochen seksyon rapò a.**

## Angajman Sivik

Anpil kòmantè Komisyon an te resevwa te montre gen yon gwo enkyetid konsènan eta angajman sivik nan Vil la, epi, pa konsekan, sante demokrasi lokal nou an. Efò Vil la ap fè kounye a pou ankouraje patisipasyon rezidan li yo anpil epi yo varye, men kòmantè yo sijere fason Vil la te ka mete plis sou efò sa yo ak ekipe pi gwo resous li yo pi byen - moun li yo-pou amelyore fonksyonman gouvènman lokal la ak kalite lavi nan Vil la.

Tèm ak pwopozisyon yo te prezante pi souvan bay Komisyon an te gen ladan kreye yon vektè pou kowòdone ak amelyore efò Vil la gen kounye a; fè pwomosyon angajman sivik kòm yon kontinyòm opòtinite pou patisipe regilyèman nan vi sivik Vil la; pwomosyon angajman lokal, kominotè, epi gen enpòtans kiltirèl; epi enfòmè piblik la pi byen sou opòtinite po patisipe.

**Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an kontinye etidye fason pou ranfòse efò Vil la pou angaje rezidan li yo, tankou etablisman posib yon nouvo antite oswa biwo espesyal ki reponsab pou yon objektif. Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an mande plis opinyon sou kesyon sa yo:**

- 1. Kijan yon antite oswa yon biwo te kapab apiye, konplete, oswa kowòdone efò ki egziste nan vil la nan domèn sa a, tankou inisyativ DemocracyNYC yo te anonse dènyèman an;**
- 2. Kijan yon antite oswa yon biwo te kapab fasilite ekspansyon bidjè patisipatif la pandan y ap travay nan kontrent jiridik ak operasyonèl yo;**
- 3. Ki kote yon antite oswa biwo konsan ta dwe ye; ak**
- 4. si yon antite oswa yon biwo ta dwe gen yon estrikti endepandan, non-patizan, oswa lòt estrikti.**

# REZIME EGZEKITIF, swit

## Komite Kominotè

Manm piblik la, ekspè la, ak ofisyèl eli yo te di yo enterese anpil nan fè 59 Komite Kominotè Vil la sanble plis ak kominote yo reprezante yo epi reprezante kominote sa yo pi byen. Malgre Komisyon an te resevwa anpil kòmantè nan domèn sa a, pwoblèm moun yo te di yo plis genyen se te Kominote Kominotè yo te diferan anpil, nan plan demografik ak ideyolojik; yo te manke yon pwosesis nominasyon ki konsistans ak santralize; epi yo pa gen ase resous.

**Pou reponn enkyetid sa yo, Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an konsidere pwopozisyon pou:**

- 1. Enpoze limit sou kondisyon pou Manm Komite Kominotè a kòm yon metòd pou ogmante divèsite;**
- 2. Nòmalize ak amelyore pwosesis nominasyon ki deja egziste a;**
- 3. Bay plis sipò ak resous nan Komite Kominotè yo, sitou nan kontèks planifikasyon ibèn;**
- 4. Adopte lòt metòd pou asire Komite kominotè yo reprezante kominote yo sèvi a.**

## Pwosesis Dekoupaj Distri a

Aprè chak resansman ki fèt chak dizan yo, Majistra a ak Konsèy Minisipal la dwe nonmen yon Komisyon Dekoupaj Distri ak 15 manm pou trase liy distri Konsèy Minisipal la pou akomode chanjman nan popilasyon an. Pwojè dekouyaj distri k ap vini an pral pran anvigè an 2023, epi Komisyon an te tande plizyè pwopozisyon ki gen rapò ak liy distri y ap trase yo.

Te gen plizyè gwo tèm ki te soti nan pwosesis patisipasyon piblik la. Kèk moun k ap fè kòmantè te di yo gen enkyetid pou pwosesis dekouyaj distri a ki kontinye bay konsiderasyon pou otorite gwoup rasyal ak etnik yo pou vote, apre Lakou Siprèm te deside mekanis otorizasyon davans lan te batriba, epi yo te mande pou grandi chanjman nan vòt nan sèten distri pa te gen yon entansyon oswa efè diskriminasyon. Gen lòt ki te mete aksan sou enpòtans otonomi Komisyon Dekoupaj Distri a epi sijere chanjman nan pwosesis nominasyon an. Finalman, moun k ap fè kòmantè yo te di yo gen enkyetid sou entegrite resansman k ap vini an 2020 an.

**Manm Pèsonèl yo rekonèt nenpòt ki chanjman nan pwosesis dekouyaj distri Vil la ap bezwen yon revizyon solid sou enplikasyon jiridik, politik, ak pratik refòm sa yo, ak plis fidbak ak analiz ekspè ak pati prenan yo. Answit, konsiderasyon nenpòt chanjman potansyèl nan dekouyaj distri nan Vil la ta dwe gen ladan yon evalyasyon sou kijan ti chanjman yo te ka afekte pwosesis la an jeneral. Manm Pèsonèl la rekòmande pou Komisyon an envite piblik la bay plis kòmantè ak pwopozisyon konsènan domèn enpòtan ak konplèks sa yo.**

# REZIME EGZEKITIF, swit

Avèk konsiderasyon sa yo nan tèt yo, Manm Pèsonèl la rekòmande pou kontinye etidye twa (3) aspè pwosesis dekoupaj distri a:

1. Pwosedi pou abòde efè pwosesis distri a sou otorite gwoup minorite rasyal ak etnik yo pou vote, tankou bay on ekspè endepandan fè yon revizyon ak analiz an plis sou liy yo pwopoze yo, oswa lòt chanjman ki montre objektif enpòtan politik piblik Lwa Dwa pou Vote a ak ansyen pwosesis otorizasyon davans DOJ a;
2. Modifikasyon nan estrikti Komisyon Dekoupaj Distri a pou ankouraje otonomi li epi redwi enfliyans ofisyèl eli yo, tankou chanjman posib nan pwosesis nominasyon an; ak
3. Estrateji pou fè fas ak efè negatif yon kantite ki twò pa nan pwochen resansman sou pwosesis dekoupaj distri a.